




PROMOTING
THE NELSON
MANDELA
RULES



Tout règleman minimòm Nasyon Zini revize pou trètman
prizonye (Règleman Nelson Mandela)

Yon ti gid.-

Ti Gid Règ Minimòm Revise Nasyon Zini sou jan yo fèt pou trete prizo

(Règ Nelson Mandela)

nye

Piblikasyon sila realize ak yon èd finansyè gouvènman Rwayom Ini.

Dokiman an pibliye sous responsabilite yon òganizasyon ki rele *Penal Reform International* epi yo pa fèt pour konsidere sa ki di ladan l kankou opinyon gouvènman Rwayom Ini.

Depi se pa pou fè komès, nimpòt moun gen dwa kòmante, rezimi, repwodui osnon tradui tout dokiman an ou nimpòt ki pati ladan l. Sepandan, chak modifikasyon fèt pou valide pa *Penal Reform International*.

Penal Reform International ekzije ke yo mete non l ak tit piblikasyon an chak fwa yo pral sèvi avek li.

Moun kap mande otorizasyon fèt pou kominike ak : publications@penalreform.org.

Penal Reform International

1 Ardleigh Road

London N1 4HS

United Kingdom

Telefòn : +44 (0) 207 923 0946

Kouryèl : info@penalreform.org

Twitter: @PenalReformInt

www.penalreform.org

Pibliyé premye fwa an desanm 2016.

ISBN: 978-1-909521-56-8

© Penal Reform International 2016

Konsepsyon grafik ak ilustrasyon : Alex Valy.

(www.alexvalydesign.co.uk)

Tout règleman minimòm Nasyon Zini revize pou trètman prizonye (Règleman Nelson Mandela)

Yon ti gid.-

Plis pase 10, 2 milyon gason, fanm ak timoun nan prizon nan lemond, anviwon yon tyè (1/3) nan yo ap tann jijman. Se an desanm 2015 ke nasyon ki fè pati Nasyon Zini - san manke youn - te adopte *Tout règleman minimòm Nasyon Zini revize pou trètman prizonye* (Règleman Nelson Mandela). Règleman sa yo bay kondisyon minimòm bonjan òganizasyon prizon pou garanti respè dwa prizonye yo, pami plizyè lòt bagay ankò. Règleman Nelson Mandela yo pa vrèman nouvo men se yon nouvel vèsyon Tout règleman minimòm pou trètman prizonye yo. Gen wuit (8) règleman diferan ki chanje pou yo te ka rive respekte chanjman ki te fèt depi 1955 nan zafè lasyans penitansye ak dwa moun.

Après tout negosyasyon sou nouvo tèks la te fin fèt nan yon reyinyon ki te gen plizyè espesyalis plizyè gouvènman Okap, nan Lafrik di Sid, yo te deside li ta dwe rele "Règleman Nelson Mandela". Sa te fèt pou onore defen prezidan afrik di Sid la ki te pase 27 ane nan prizon e ki te defann dwa prizonye yo.

Kijan revizyon an te fèt

Poukisa règleman yo te revize?

Peyi manm Nasyon Zini yo te twouve ke Tout règleman minimòm yo te fin ansyen e yo pat reflekte gran avansman ki te fèt nan domèn dwa moun ak jistis kriminel ki te fèt pandan 60 dènye ane yo.

Kiyès ki te fè revizyon yo?

An 2010, yon rezolisyon Asanble jeneral Nasyon Zini te bay yon gwoup espesyalis plizyè gouvènman responsablite pou chanje Règleman yo. Peyi manm yo te dakò sou jan sa t ap fèt ak sou revizyon yo tou. Ajans Nasyon Zini yo, kèk ajans ki gen plizyè gouvènman ansanm ak Lasosyete sivil e kèk inivèsitè tou te fè pati demach yo. An 2011, espesyalis yo te reyini pou la premyè fwa, kote yo te deside fè yon "revizyon fokal" sou kèk domèn ak kèk règleman ki te plis pase mòd. Men yo te deside kenbe menm estrikti a e pifò nan règleman yo te rete entak. Après sa, yo te diskite nouvo tèks yo nan 3 lòt reyinyon. Anplis, yo te oblije renimewo tèks la akòz tout chanjman enpòtan ki te pote. Revizyon yo vin mete ansanm nan yon sèl dokiman sak dwe fèt nan domèn jistis kriminel ak nan domèn dwadelòm. Sa ki pwoteje dwa prizonye yo e ki bay pèsònèl ak administratè penitansye yo yon bon gid ki mache ak dènye chanjman yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou etap pou revizyon Tout règleman minòm yo, ou ka telechaje an anglè enfòmasyon ki sòti nan plizyè O.N.JE sou

www.penalreform.org/resource/joint-ngobriefing-process-review-standard-minimum-rules/

Aplikasyon Règleman Mandela yo, depi lè w rive jiska lè w ap sòti nan prizon

Sanvennde (122) règleman yo kouvri tout sa ki konsène òganizasyon prizon e yo rezime sa ki dakò ki dwe fèt ominimòm nan trètman moun yo kenbe, akize osnon ki kondane.

Prensip fondamantal

Règleman 1 rive nan 5 bay prensip fondamantal yo :

- Moun yo kenbe nan prizon dwe jwenn respè ki sòti nan diyite ak valè moun genyen.
- Kraze zo ak move trètman pa ladan l.
- Yo pa dwe fè diskriminasyon lè y ap konsidere bezwen ke prizonnye yo genyen.
- Bi anprizonman se pou pwoteje sosyete a e evite pou move zak yo pa refèt.
- Sekirite prizonnye yo, manb pèsònèl yo, sekirite moun k ap bay divès sèvis anndan an ak vizitè yo dwe toujou pase anvan.

Yon **etwal wouj** * endike kote ki gen chanjman yo.

Admisyon nan prizon

Zòn* [Règleman 59]

Règleman yo mande pou yo mete prizonnye yo nan prizon ki prè lakay yo pou fasilite yo reprann plas yo nan sosyete a.

Rejis* [Règleman 7 ak 8]

Par egzanp, kounye a enfòmasyon ke yo dwe pran pou mete nan dosye prizonnye a gen ladan l non ak adrès manm fanmi li, ak tout kalite mak blesi vizib ansanm ak plent sou move trètman li sibi avan sa.

Enfòmasyon* [Règleman 54 ak 55]

Lè yo rive, prizonnye yo dwe jwenn enfòmasyon sou rejim prizon an, tankou règleman yo ak dwa yo genyen pou yo gen avoka. Sa dwe fèt nan yon lang ak yon fason yo ka konprann.

Efè pèsònèl prizonye yo* [Règleman 7 ak 67]

Prizon yo dwe fè envantè e mete nan bon kote tout efè pèsònèl prizonye yo - sa ke yo pa gendwa kenbe pandan y anndan an. Lè prizonye yo ap sòti, yo dwe remèt yo tout efè pèsònèl yo an bon eta.

Egzamen medikal* [Règleman 30 ak 34]

Yon pwofesyonèl lasante dwe egzamine chak prizonye sito posib aprè admisyon. Règleman yo fè konnen ke premye egzamen sa a dwe, non sèlman, evalye bezwen medikal e bay swen, men li dwe fè sòti tout tansyon sikolojik e lòt kalite, sanzoubliye tout move trètman. Yo dwe mete enfòmasyon sa yo nan nòt e siyale yo bay otorite ki konsène.

Ki kalite bezwen e ki adaptasyon ki nesèsè

Kategori [Règleman 11]

Yo dwe separe sèten gwoup prizonye pou pwoteje yo e pou fasilite trètman endividyèl. Règleman sa a valab pou gason ak fanm, pou prizonye ki retounen e ki kondane, pou timoun ak granmoun.

Klasifikasyon [Règleman 89, 93, 94]

Li enpòtan pou yo evalye chak prizonye separeman pou yo ka rive idantifye tout risk ke prizonye a ka reprezante pou tèt li, pou pèsònèl la osnon pou lòt prizonye yo. Yo ka idantifye tou risk ke li ka ekspoze, bezwen espesyal prizonye a ansanm ak mezi ki ka pran pou remete l sou pye. Sistèm klasifikasyon an dwe rete fleksib pou l ka rive garanti yon trètman endividyèl.

Bezwen espesyal* [Règleman 2, 5]

Prizon yo dwe ajiste pou yo ka akomode prizonye k ap souffri anba yon andikap fizik, mantal e latriye, nan sans sa a yo ka rive garanti ke moun sa yo jwenn menm sèvis, pwogram ak tout moun. Lè sa fèt, yo pata dwe konsidere ke se yon diskriminasyon.

Pèsònèl penitansye yo

Sekirite* [Règleman 1]

Sekirite pèsònèl la dwe garanti atoumoman.

Travay [Règleman 74 ak 78]

Manm pèsònèl penitansye yo dwe se anplwaye tanplèn e yo dwe rekonèt yo kòm fonksyonèl leta, konsa yo gen yon dyòb stab. Sèl rezèv ki ka gen nan sa se si yo pa gen bon kondwit, si yo pa

travay byen ak si fizik yo paka reponn ankò. Pou ede pèsònèl la nan travay li, prizon yo dwe anplwaye yon bon kantite espesyalis, tankou sikyat, sikològ, travayè sosyal ak pwofesè tou.

Apwentman [Règleman 74]

Lajan apwentman an dwe sifisan pou l atire bonjan pèsònèl nan penitansye yo. Benefis yo ansanm ap kondisyon travay la dwe adapte sou jan travay la difisil.

Rekritman [Règleman 74, 81]

Administre yon prizon se pa yon travay fasil, konsa yo dwe chwazi pèsònèl la avèk swen; paske tout travay la chita sou serye, kèk sansib, kapasite pèsònèl e pwofesyonèl yo. Se sèlman fi k ap travay nan penitansye yo ki dwe sipèvize fanm prizonye yo.

Fòmasyon* [Règleman 75, 76]

Pou yo ka rive fè yon travay pwofesyonèl, manb pèsònèl prizon yo dwe gen posibilite kontinye fòmè tèt yo. Fòmasyon sa yo dwe chita sou meyè metòd ki genyen e yo dwe chita sou sa ke moun obsève ki bon, yo dwe bay anvan yo anplwaye pèsònèl la ak pandan travay la. Pami sa ki kouvri nan fòmasyon an nou jwenn : itilizasyon fòs, pran an chaj sèten kategori prizonye e nosyon sou sekirite dinamik.

Apwòch sekirite dinamik lan mete ansanm bonjan relasyon positif ant pèsònèl la ak prizonye yo avèk yon trètman jis e kèk aktivite ki va ede yo rive reprann plas yo nan sosyete a demen.

Administrasyon [Règleman 79 ak 80]

Règleman yo bay deskripsyon responsabilite direktè prizon yo ansanm ak kapasite pou yo genyen.

Dosye ak achiv

Sistèm jestyon dosye prizonye yo rete yon zouti enpòtan, san li prizon yo pa ka byen fonksyone. Règleman revize yo aksepte jounen jodi a sistèm elektronik lan e yo bay lòt ransèyman sou ki enfòmasyon ki dwe nan dosye yo, sou ki moun ki gen dwa wè yo ak kisa yo ka fè ak yo.

Sistèm* [Règleman 6 ak 10]

Yo dwe mete sou pye yon sistèm ki gen yon sèl fòm pou jere dosye prizonye yo. Li kapab yon baz done osnon yon sistèm rejis. Antoulèka, yo dwe adopte pwosedi sekirite ki pou anpeche move men antre nan dosye yo e fè chanjman san zotorizasyon. Yo dwe ka analize done yo pou jwenn tandans popilasyon ki nan prizon yo, tankou kantite moun ki la pou kantite espas disponib.

Enfòmasyon* [Règleman 7-9, 26, 92]

Chak dosye dwe genyen enfòmasyon sou tout yon seri sijè ki konsène prizonye a, tankou ransèyman pèsònèl li, dat li soti osnon jwenn transfè, kijan dosye l ye devan lajistis, rapò sou klasifikasyon, sanksyon li te jwenn ak plent li depoze. Dosye medikal chak moun ki se yon enfòmasyon pèsònèl dwe konsève separeman, e prizonye a dwe ka konsilte li lè li vle.

Lokal prizon an

Ijyèn [Règleman 15, 16, 18-21]

Chak prizon dwe ekipe ak bonjan enstalasyon sanitè pwòp pou ijyèn ak respè diyite. Dwe gen dlo, atik twalèt (ansanm ak sèvyèt ijyenik pou fanm yo), rad ki adapte ak ou kabann. [Nou ka konsilte tou Règleman Bankòk Nasyon Zini yo]

Dlo ak nouriti* [Règleman 22, 35, 42, 43]

Prizonye yo dwe resevwa yon manje ki nourisan e ki gen bòn kalite. Yo dwe gen dlo potab pou yo bwè lè yo bezwen. Nouriti ak dlo paka sèvi kòm pinisman osnon sanksyon e yo dwe distribiye yo san fè eksepsyon.

Dòm [Règleman 12-14, 42, 113]

Lè yon prizonye dòmi nan selil, se sèl li menm ki pou nan selil la, e lòske se nan dòtwa, yo dwe byen seleksyone prizonye ki ladan yo. Prizonye yo dwe dòmi nan yon selil pèsònèl. Dwe genyen sanzeksasyon : chofaj, bonjan espas aere, ekleraj, espas pou respire e yon bonjan espas fizik.

Timoun* [Règleman 28 ak 29]

Fè yon timoun rete nan prizon ak paran li, se yon desizyon ki dwe pran nan gran enterè timoun nan. Dwe gen dispozisyon pou swen avan osnon aprè akouchman, gad ak sèvis sante pou timoun yo. Timoun ki nan prizon pa dwe janm trete kòm prizonye. [Nou ka konsilte tou Règleman Bankòk Nasyon Zini yo].

Disiplin ak sanksyon

Enfòmasyon* [Règleman 54 ak 55]

Règleman yo rekonèt ke pou prizon an fonksyone byen chak jou fòk tout moun byen konprann dwa ak obligasyon yo genyen. Depi yo rive, prizonye yo dwe jwenn enfòmasyon sou règleman prizon an, sou dwa ak obligasyon yo genyen, sou sanksyon ak etap pou yo jwenn konsèy avoka (èd pou lajistis ladan l tou). Tout enfòmasyon sa yo dwe disponib nan youn lang e yon fason ke yo ka konprann.

Fouy* [Règleman 50 rive 53, 60]

Fouy yo dwe fèt selon lalwa ak règlemantasyon yo, e tout desizyon pou fè fouy dwe chita sou eske li enpòtan ak nivo fouy la. Pwosedri pou fè fouy dwe respekte diyite ak entimite prizonye a se pa dwe yon mwayen pou tizonnen li osnon entimide li. Fouy kòporèl pwofon dwe fèt sèlman si yo nesèsè e prizon an dwe bay rapò ekri sou rezilta yo. Fouy sou vizitè dwe fèt selon prekosyon ki nan yon pwosedri ki preske menm ak sa ki aplike pou fouy prizonye. Yo dwe pran an konsiderasyon ke vizitè pa prizonye.

Izòlman nan selil * [Règleman 43 rive 46]

Etandone gwo konsekans ke sa genyen sou sante fizik ak mantal, izòlman nan selil, selon Règleman yo, dwe fèt raman, nan dènye refleksyon e pou yon tan ki kout oposib. E sa dwe fèt ak otorizasyon yon otorite konsène e sou kontwòl yon lòt moun endepandan. Yo entèdi totalman yon Izòlman nan selil pou yon dire san limit e pwolonje (plis pase 15 jou). Pou sèten gwoup, tankou fanm ansent ou fanm kap bay tete, yo entèdi izòlman nan selil. Selon Règleman yo, yon izòlman selilè se youn tan izole ki dire plis pase 22 zè pa jou san vrè kontak ak moun. Lè yo di "san vrè kontak ak moun" li fè nou wè soufrans ke yon moun santi lè li izole e li pa gen kontak ak lòt moun. [Konsilte Règleman Bankòk yo ak Règleman Laavan Nasyon Zini yo/Les Règles de Bangkok et les Règles de La Havane des Nations Unies].

Vyolasyon disiplin nan * [Règleman 36 rive 43]

Règleman yo rezime pwosedri ak mezi pwoteksyon ki dwe pran lè yo sipoze yon prizonye vyole disiplin nan. Lwa ak règlemantasyon prizon an dwe klèman defini sa ki yon vyolasyon disiplin e sanksyon yo tou dwe apwopriye ak mezi dezòd ki fèt la. Prizonye a dwe gen posibilite defann tèt li. Lè gen sanksyon ki pran fòk yo ekri yo. Yo ankouraje prizon yo jwenn lòt sistèm pou rezoud pwoblèm prizonye yo gen antre yo pou rive evite vyòlasyon disiplin yo e konsa rezoud konfli yo. Lòske lajistis antre nan bagay la, sitou nan gwo ka grav, prizonye yo dwe jwenn otorizasyon pou yo defann tèt yo, swa pèsònèlman, ou pa yon avoka osnon yon èd jiridik.

Itilizasyon mwayen kontrent * [Règleman 43, 47 rive 49]

Yo entèdi zouti ki fè kontrent degradan e ki pote doulè. Gen kondisyon strik lè yo itilize yon lòt zouti : yo dwe itilize yo si se lejitim e si pagen lòt fòm kontwòl ki mwens yo ka itilize pou redwi pwoblèm yo e si yo retire yo dèke sa posib. Yo dwe retire mwayen kontrent yo lè yon prizonye ap parèt devan lajistis e yo pa dwe janm itilize yo sou yon fanm ki nan doulè akouchman, k ap akouche ou imedyatman aprè akouchman.

Itilizasyon fòs [Règleman 82]

Sof nan ka pou l defann tèt li ou nan ka yon prizonnye ap eseye sove, pèsònèl la pa dwe itilize fòs sou prizonnye yo. Tout itilizasyon fòs dwe limite nan sa ki strikteman nesèsè e yo dwe imedyatman siyale sa. Sof nan ka eksepsyonèl, pèsònèl penitansye a pa dwe pote zam. Kondisyon Nasyon Zini yo mande tou pou gen règleman strik sou itilizasyon fòs e fè konnen ke si yon pèsònèl fè abi ak vyolans san kondisyon sou prizonnye yo sa dwe pini kòm yon vyolasyon kriminèl. [Nou ka konsilte tou Prensip debaz sou itilizasyon fòs ak zam pa responsab ki la pou aplike lwa yo/Principes de base sur le recours à la force et l'utilisation des armes à feu par les responsables de l'application des lois]

Kontak ak moun deyò

Fanmi ak zanmi [Règleman 43, 58 rive 60, 70]

Prizonnye yo gen dwa resevwa vizit e kominike ak fanmi yo, zanmi yo pa lòt mwayen tankou telefòn ak lèt. Restriksyon vizit pa dwe sèvi kòm yon sanksyon, sitou pou fanm prizonnye yo ak pitit yo. Prizonnye yo gen dwa pou enfòmè zanmi ou fanmi yo sou prizon an, tankou si y ap transfere yo ou nan ka yon maladi ak blesi grav. Si yon pwòch paran, yon epou osnon yon patenè konjigal tonbe malad grav ou mouri, prizonnye a dwe jwenn otorizasyon pou l al wè li e pou l al asiste antèman an. Dwa pou vizit konjigal dwe aplike nòmalman e pa dwe gen diskriminasyon nan vizit sa yo. [Konsilte tou règleman Bankòt Nasyon Zini yo].

Reprezantan legal ak avoka* [Règleman 41, 53, 61, 119, 120]

Prizonnye yo dwe ka jwenn posibilite, tan ak yon bon plas apa pou yo rankontre ak avoka yo. Yo dwe ka jwenn bonjan èd pou lajistis selon kondisyon entènasyonal yo. Prizonnye a dwe gendwa ale nan dosye lajistis li e konsève yo pou si li vle al nan tribinal. [Nou kapab konsilte Prensip ak liy direktris Nasyon Zini yo sou zafè jwenn avoka nan sistèm lajistis kriminèl la].

Anbasad yo [Règleman 62]

Etranje yo dwe gendwa kontakte konsil yo ou reprezantan peyi yo. Règleman sa a rekonèt ke yo nan yon sitiyasyon espesyal ki kapab fè ke yo pa kapab kominike nan lang jeneral k ap pale nan prizon an, yo kapab gen yon mank enfòmasyon ou yon mank konesans sou sistèm lajistis la e kèk difikilte pou kontakte fanmi yo.

Aktivite chak jou

Pwogram pou remete sou pye ou pou resosyalizasyon* [Règleman 4, 88, 89, 91 rive 94, 96 rive 108]

Prizon yo dwe bay posibilite enstriksyon ak fòmasyon pwofesyonèl, travay ak tout lòt èd nesèsè pou remete prizonye a sou pye l e ede l retounen pran plas li nan sosyete a. Sa a se rezon prensipal prizon an ki se pou pwoteje lasosyete e evite zak yo pa refèt. Pou pwogram sa a ka bon, fò k yo fèt selon bezwen chak moun. Prizon yo dwe rekonèt wòl kle ke pèsònèl la jwe nan pwosesus pou remete prizonye yo sou pye yo ankò.

Travay* [Règleman 40, 96 rive 103]

Men kalite travay ki entèdi : travo fòse, esklavaj ak travay pou benefis prive prizonye a osnon pou yon manb pèsònèl la. Travay la dwe itil pou karyè prizonye a vle mennen aprè prizon an osnon yo ka peye l tou pou sa. Kondisyon yo dwe legal e san danje. Prizonye yo pa ka okipe yon pòs ki bay yo dwa bay sanksyon.

Bonjan aktivite [Règleman 4, 23, 64 rive 66, 105]

Lè prizonye yo jwenn bonjan aktivite, li pèmèt yon bon jestyon prizon an e li fasilite sante mantal ak readaptasyon prizonye a ki dwe jwenn posibilite fè espò e pratike aktivite fizik nan plennè inèdtan pa jou omwen. Chak prizon dwe gen yon bibliotèk e prizonye yo dwe gendwa pratike relijyon yo.

Enstriksyon [Règleman 104]

Enstriksyon jwe yon gran wòl nan prevansyon pou prizonye yo pa retounen nan fè sa ki mal, prizonye yo dwe jwenn opòtinite pou jwenn enstriksyon. Ansèyman an dwe nan menm nivo ak sa kap bay nan sistèm edikasyon piblik la e li dwe disponib pou tout prizonye yo. Enstriksyon obligatwa pou prizonye ki pa konn li e sila ki jèn yo.

Sante fizik ak mantal

Jwenn swen lasante* [Règleman 24 rive 29, 31]

Leta ki responsab moun li fèmen yo, dwe founi swen lasante nan prizon yo, e sa dwe fèt nan menm kalite ak sa kap fèt nan sosyete a. Nan bon sans, swen sante nan prizon yo dwe òganize ansanm ak sèvis sante jeneral yo pou fasilite swivi ak kontinite swen yo. Règleman yo bay detay sou jan swen sante yo dwe fèt nan prizon, sanzoubliye timoun yo ki nan prizon ak paran yo.

Wòl pèsònèl lasante a*[Règleman 25, 30 rive 34]

Wòl pwofesyonèl lasante a nan prizon yo dwe klèman endepandan pa rapò administrasyon penitansye a. Yo dwe aplike menm kalite travay la (nan respè ak serye pwofesyonèl) ke yo fè nan sosyete a. Wòl yo nan prizon an se pou evalye, ankouraje sante mantal ak fizik e pran swen

prizonye ki malad yo. Nou jwenn nan sa : trètman maladi kontajye yo, adiksyon dwòg ak lòt ankò, sante mantal ansanm ak swen dan. Pèsonèl sante a pa dwe fè pati administrasyon prizon an, patikilyèman li pa dwe nan moun kap fè disiplin e bay sanksyon, e lè l pran desizyon medikal yo, pèsonèl ki pa medikal la paka rejte osnon iyore yo. Pèsonèl sante nan prizon an gen obligasyon pou l siyale tout siy kraze zo ou dot move trètman.

Prizonye a ka yon malad tou*[Règleman 26, 32]

Lòske prizonye a konsilte nan men yon medsen, se yon malad li ye tankou tout lòt yo ki nan sosyete a. Malad la dwe ka bay konsantman l aprè l jwenn eksplikasyon sou tout entèvasyon ak egzamen medikal. E dosye medikal yo dwe rete prive. Lè y ap fè pwoteksyon pèsonèl lan ak lòt prizonye yo konsènan maladi kontajye yo, pa egzanp, yo dwe bay sèlman enfòmasyon ki nesèsè yo pou bonjan mezi pran nan respè sekrè medikal.

Konsèy sante*[Règleman 83 rive 85]

Òganis konsene a dwe enspekte prizon an regilyèman e bay konsèy a direktè prizon an konsènan diferan pwèn ki gen pou wè ak lasante e byennèt prizonye yo ansanm ak pèsonèl la tou. Nan pwèn sa yo nou ka jwenn manje, ijyèn etablisman an ak prizonye yo, instalasyon twalèt yo, tanperati, ekleraj limyè, vantilasyon, ak lòt kondisyon ankò.

Enspeksyon ak ankèt

Enspeksyon *[Règleman 83 rive 85]

Règleman yo rekonèt ke enspeksyon fè pati yon bonjan sistèm penitansye ki klè, konsa yo mande pou gen 2 nivo enspeksyon : youn k ap fèt anndan ke administrasyon penitansye a mennen e youn lòt ki soti deyò e ki fèt pa yon ajans endepandan. Bi kontwòl sa yo se pou veye ke etablisman prizon an administre selon lalwa ak règlemantasyon yo e pou pwoteje dwa prizonye yo tou. Règleman bay ki lajè otorite enspektè yo genyen e di kòman pou rapò yo ak swivi yo fèt.

Ankèt *[Règleman 57 ak 71]

Ke gen plent ke pagen plent, prizon yo dwe siyale tout ka lanmò, tout disparisyon ou tout blesi grav, tout zak kraze zo ou move trètman ke yo jije osnon sispèk ki rive pandan prizonye yo anndan an. Yo dwe siyale sa bay yon otorite endepandan ki va chaje pou ouvri ankèt la. Administrasyon an ak pèsonèl penitansye a dwe bay kolaborasyon yo nan ankèt sa yo e dwe veye ke prèv yo pa disparèt. Okenn moun ki enplike nan ka a pa dwe patisipe nan ankèt la.

Transfè ak transpò [Règleman 26 (2) ak 71]

Prizonnye yo dwe transpòte nan bon kondisyon, nan mezi k posib, yo pa ta dwe ekspoze vizaj yo bay piblik la. Si yon prizonnye transfere nan yon lòt prizon, dosye medikal yo dwe transmèt bay lòt prizon ki akeyi yo.

Soti nan prizon

Efè pèsone [Règleman 67]

Lè yon prizonnye ap libere, yo dwe retounen ba li efè pèsone ou lajan ke yo te pran nan men l lè l tap rantre nan prizon. Tout bagay sa yo dwe rete an bon eta. Prizonnye a dwe siye yon papye pou tout efè ke yo remèt li.

Reprann plas nan sosyete a ou reentegrasyon [Règleman 88, 90]

Yo dwe ofri prizonnye yo opòtinite pou yo reprann plas yo pezape nan kominote a. Kapab gen aktivite tankou pwogram pou prepare liberasyon ou sistèm prizon tou louvri, par egzanp. Yo dwe founi yo èd aprè yon fin kite penitansye a.

Li enpòtan pou n konnen ke nou dwe li Règleman Nelson Mandela yo an paralèl ak kèk lòt Nòm Nasyon Zini yo ki toujou an vigè, pami yo nou ka site : Prensip debaz sou itilizasyon fòs ak zam pa responsab ki la pou aplike lwa yo (Les Principes de base sur le recours à la force et l'utilisation des armes à feu), Règleman Bankòk Nasyon Zini yo pou fanm delenkan yo (Les Règles de Bangkok des Nations Unies pour les femmes délinquantes), Règleman Peken yo sou jistis pou ti minè yo (les Règles de Beijing concernant la justice pour mineurs), Règleman Tokyo sou pwoteksyon libète ansanm kòd Nasyon Zini pou moun ki responsab aplike lwa yo (Les Règles de Tokyo sur les mesures non-privatives de liberté et le Code de conduite des Nations Unies pour les responsables de l'application des lois).

E answit?

Revizyon tout kondisyon pou prizon byen mache se yon travay konplike. Aplikasyon tout 122 règleman yo ap pran tan ak mwayen, men avèk yon bon sistèm jestyon, bon fòmasyon e yon bonjan kilti respè pou dwa moun, anpil nan règleman Nelson Mandela yo ka jwenn aplikasyon yo san gran depans.

PRI ap travay nan plizyè rejyon ak peyi ki gen reyalyte politik ak sosyal diferan. Nou sansib sou diferans sa yo e nou adapte travay nou an konsekans. Apwòch nou konsidere fi ak gason ansanm ak kilti yo tou.

Depi 25 an, nou ap travay sou teren nan domèn lajistis ak refòm jistis kriminel nan nivo nasyonal, rejyonal e entènasyonal. Konesans nou ak sans endepandans nou fè ke nou se yon

bonjan patnè pou gouvènman yo ansanm ak ajans ki nan sosyete sivil la ki kòmanse ap prepare aplikasyon ak egzekisyon Règleman Nelson Mandela.

Travay PRI se bay konsèy e èd ke li bay gwoup ki ap aplike Règleman yo. Li fè sa gras a kèk piblikasyon, seminè, fòmasyon ak evenman. Ou ka konsilte sit entènèt nou an nan www.penalreform.org pou w jwenn :

- Yon kopi Règleman Nelson Mandela yo (ki disponib nan plizyè lang)
- Nouvo fim anime nou an ki prezante Règleman Nelson Mandela yo (li dire 2 minit)
- Kèk konsèy pou egzekisyon yo
- Lòt enfòmasyon ak dokiman.

This translation was arranged by Lorraine Brazeau for the Correctional Service of Canada. Original text in English published in 2016 with the financial assistance of the UK Government, by Penal Reform International. Penal Reform International takes no responsibility for the content or quality of this translation. www.penalreform.org